

Esè klinik pou Kansè

Clinical Trials for Cancer – Haitian Creole

Esè klinik pou kansè se etid rechèch doktè yo fè pou jwenn pi bon fason pou trete kansè.



Rezon ki fè esè klinik yo nesèsè pou tretman kansè

Esè klinik pou kansè se etid doktè yo fè sou moun Esè klinik yo ede syantifik yo ak

doktè yo konnen si yon nouvo tretman san danje ak fason tretman an travay. Anpil esè klinik pou kansè teste yon nouvo tretman. Pou fè sa, yo konpare nouvo tretman an avèk yon tretman estanda. Yon tretman estanda se youn nan pi bon chwa doktè yo itilize nan moman an pou trete yon kalite kansè. Anpil moun resevwa èd chak ane paske yo chwazi pou patisipe nan esè klinik yo. Pandan tretman kansè yo. Epi, menm kèk ane apre, anpil lòt, moun kapab jwenn avantaj nan sa doktè yo aprann nan esè klinik yo.



Fason esè klinik yo travay

Clinical Doktè yo fè esè klinik yo an etap ki rele faz. Yo dwe apwouve rezilta yo nan chak faz anvan yo ale nan pwochen faz

la. Nan faz 1, doktè yo teste nouvo tretman an pou wè si li san danje epi pou chèche konnen ki dòz ki travay pi byen san li pa lakòz efè segondè grav. Nan faz 2, doktè yo teste nouvo tretman an pou wè si li travay kont sèten kalite kansè. Nan faz 3, doktè yo konpare nouvo tretman an avèk tretman estanda regilye a pou wè kilès ki ta ka trete sèten kansè pi byen ak fason efè segondè yo pou chak tretman ta ka diferan. Si nouvo tretman an pase tout faz yo, yo kapab apwouve li pou itilize sou moun ki ka bezwen li. Men, doktè yo pral toujou etidye Nouvo tretman an pou yo siveye fason l ap travay.




Sa k ap fèt lè w ap patisipe nan yon esè klinik

Si ou nan yon esè klinik, ou ka gen plis vizit klinik ak tès laboratwa pase sa Ou ta genyen avèk tretman estanda. W ap gen yon ekip ekspè k ap pran swen ou epi k ap siveye ou depre pou wè kijan ou ye.

Gen kèk risk ki asosye avèk lè ou nan yon esè klinik. Nan anpil esè klinik, nou pa konnen si tretman an pral travay pou ou oswa ki efè segondè ou ta ka genyen. Sa se souvan sa etid la ap eseye chèche konnen. Tankou tretman estanda, pifò efè segondè yo ale apre yon peryòd tan, men kèk ladan yo ka dire yon tan long oswa menm y ap menase lavi ou. Doktè yo ap fè ou konnen nenpòt risk yo konnen anvan tretman an kòmanse,

Men gen kèk avantaj ki asosye avèk lè ou nan yon esè klinik. Doktè yo ap mete ou nan swa tretman estanda pou kalite kansè ou, oswa w ap resevwa yon tretman pi nouvo ki ta ka sanble menm pi bon. Nan kèk ka, sèl fason ou ta kapab resevwa yon nouvo tretman se pou ou patisipe nan yon esè klinik.

Kèk moun gen enkyetid pou patisipasyon yo nan yon esè klinik vle di pati yon eksperyans. Moun ki nan esè klinik yo ka bezwen fè sèten aktivite oswa yo ka bezwen gen sèten tès pou yo rete nan etid la, men yo resevwa swen ki bon anpil. Sa vle di pifò moun ki nan esè klinik yo renmen atansyon anplis sa yo jwenn nan swen pou kansè yo ak nan ekip rechèch yo.



Itilizasyon plasebo nan esè klinik yo

Doktè yo itilize plasebo yo (fo tretman) raman poukont yo nan esè klinik k ap teste yon nouvo tretman. Doktè yo ta ka itilize yon plasebo si pa gen tretman yo konnen ki travay oswa si etid la ap analize yon fason pou evite moun gen kansè. Men, pifò esè klinik yo pou kansè pa itilize plasebo. Li pa etik pou bay yon moun yon plasebo alapas yon tretman doktè konnen ki travay.



Fason pou decide si pou ou antre nan yon esè klinik

Anvan ou kapab patisipe nan yon esè klinik, doktè ki responsab rechèch la oswa enfimye rechèch la ap eksplike ou sa pou espere epi y ap diskite avèk ou sou risk ak avantaj ki genyen lè ou nan esè klinik la. Y ap reponn tou nenpòt kesyon epitou y ap pale avèk ou enkyetid ou ta genyen. Si ou dakò pou antre nan esè klinik la, y ap ba ou yon fòm alekri pou bay konsantman pou siyen.

Li enpòtan pou konnen se oumenm ki pou chwazi si pou antre oswa pou pa antre oswa pou rete nan yon esè klinik. Ou kapab chwazi pou kite etid la nenpòt lè pou nenpòt rezon, epi ou toujou resevwa swen ou ta resevwa a si ou pa t chwazi pou antre nan yon esè klinik.



Kesyon pou poze

Gen kèk enfòmasyon ou ka vle konnen anvan ou dakò pou antre nan yon esè klinik. Ou taka vle mande doktè ki responsab rechèch la oswa enfimye a:

- Pou kisa y ap fè etid sa a?
- Konbyen tan mwen ta pase nan esè klinik la?
- Konbyen fwa mwen ta bezwen pou doktè a wè mwen?
- Ki kote mwen ta ale pou tretman an ak tès yo?
- Kimoun pou mwen ta rele si mwen gen pwoblèm?
- Èske mwen pral gen pou peye lajan?
- Kisa lòt chwa mwen yo ye?

Lòt kesyon ou tas vle poze yo pral depannde kalite tretman doktè a ofri ou. Ou ta ka vle pale avèk manm fanmi ak zanmi ou fè konfyans pandan w ap decide. Pa pè pou poze kesyon. Aprann tout kantite enfòmasyon ou kapab sou nenpòt esè klinik ou enterese antre pou ou kapab fè chwa ki pi bon pou ou.

Pou jwenn enfòmasyon sou kansè, èd jou-apre-jou ak sipò, rele American Cancer Society nan nimewo **1-800-227-2345** oswa ale sou sitwèb nou nan **cancer.org/clinicaltrials**.
Nou la lè ou bezwen nou.

